



Pou Piblikasyon Imedya: 10/22/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ENTWODUI RÈGLEMAN POU PWOTEJE NOUYOKÈ TRANS-SEKSYÈL YO KONT DISKRIMINASYON ILEGAL

*Premye degre egzekitif règleman nan peyi a ki pibliye nan tout eta ki entèdi asèlman ak diskriminasyon sou baz idantite seksyèl, estati trans-seksyèl oswa disfori seksyèl*

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te entwodui règleman grasa Lwa sou Dwa Imen Eta New York ki entèdi kategorikman asèlman ak diskriminasyon kont moun ki trans-seksyèl. Règleman sa yo afime ke tout moun ki trans-seksyèl yo pwoteje anba lwa sou dwa imen eta, e tout travay piblik ak prive, founisè lojman, biznis, kredite ansanm avèk lòt antite yo ta dwe konnen ke diskriminasyon ilegal e li pap tolere okenn kote nan Eta New York.

Sa a se premye fwa ke yon Gouvènè te pibliye yon règleman nan tout eta pou entèdi asèlman ak diskriminasyon sou baz idantite seksyèl, estati trans-seksyèl oswa disfori. Gouvènè Cuomo te anonse règleman yo nan yon diskou pandan dine otòn Empire State Pride Agenda, kote yo te onore l avèk yon Prim flanm annajan gwoup la.

“Fleyo asèlman ak diskriminasyon kont moun ki trans-seksyèl yo komen anpil– e li te rete pratikman san repons pandan twò lontan,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “New York te toujou yon flanbo pou peyi a sou dwa LGBT. Nou te kòmanse mouvman sa nan Stonewall, nou te louvri wout la avèk egalite maryaj, e kounye a nap kontinye montre peyi a wout pou li ale delavan. Nou pap tolere diskriminasyon oswa asèlman kont moun trans-seksyèl yo okenn kote nan Eta New York – pwen final.”

Règleman sa yo reprezante premye aksyon reglemantasyon eta nan peyi a pou afime ke asèlman ansanm avèk lòt fòm diskriminasyon, alafwa pa antite piblik ak prive, sou baz idantite seksyèl yon moun, estati trans-seksyèl, oswa disfori seksyèl konsidere tankou diskriminasyon ilegal. Daprè lwa eta, Divizyon Dwa Imen Eta New York gen pouvwa legal pou l pwomilge règleman yo ki entèprete lwa sou dwa imen. Anplis, pandanke diskriminasyon kont moun ki trans-seksyèl te spesyalman jwenn entèdiksyon nan Eta New York dapre degre egzekitif depi 2009 la, nan pratik òdonans sa pwoteje sèlman travayè yo nan eta.

Anplis, New York aktyèlman gen resous pwoteksyon legal ki limite pou moun trans-seksyèl yo akòz de lwa òdinans minisipal yo oswa lwa egalman ki entèdi asèlman oswa diskriminasyon, nan diferan degre. Toutfwa, anpil minisipalite pa garanti pwoteksyon sa yo, e gen yon entèdiksyon nan tout eta sou diskriminasyon oswa asèlman pou moun ki pa anplwaye eta. Aksyon Gouvènè a jodia ap asire ke tout moun trans-seksyèl yo pa pèdi dwa yo senpleman lè yap vwayaje de yon peyi oswa de yon vil a yon lòt.

Eta New York te gen yon istwa long nan pwoteje dwa moun ki trans-seksyèl dapre dispozisyon lwa sou dwa imen. Nan ka 1977 Richards kont. U.S. Tennis Association, yo te rekonèt ke plent sou diskriminasyon dapre lwa sou dwa imen ka prezante pa moun ki pretann diskriminasyon seksyèl akòz de idantite seksyèl yo, e li te pandan lontan pratik Divizyon Dwa Imen pou aksepte epi trete plent diskriminasyon idantite seksyèl sou baz kategori sèks ki pwoteje, ak andikap ki apwopriye.

Pandan ane yo, toulède New York ak dosye lwa federal te devlope pou sipòte pwoteksyon pou moun trans-seksyèl yo sou baz sèks. Nan Eta New York, lwa sou dwa imen ofri sibstansyèlman plis pwoteksyon pase lwa anti-diskriminasyon federal, paske disfori seksyèl se yon maladi medikal ke yo rekonèt ki tonbe nan laj definisyon kategori andikap nan lwa eta, ke tribinal New York yo te rekonèt. Pwoteksyon adisyonèl sa pèmèt yo ogmante dwa pou moun ki trans-seksyèl yo nan New York, tankou dwa akomodasyon rezonab pou sila yo ki pretann yon dyagnostik oswa disfori seksyèl.

New York se te premye eta nan peyi a pou adopte yon lwa anti-diskriminasyon sou dwa imen. Lwa ki te adopte nan 1945 la, bay chak sitwayen “yon opòtinite egal pou pwofite de yon lavi ki plènmman pwodiktif.” Moun yo ki panse ke yo te sibi asèlman oswa diskriminasyon ka depoze plent yo nan tribinal Eta, oswa avèk Divizyon Dwa Imen nan Eta New York, san yo pa peye anyen. Yo envestige plent sa yo rapidman nan biwo rejyonal yo toupatou nan eta.

Si divizyon an detèmine ke gen koz pwobab pou kwè asèlman oswa diskriminasyon te fèt, Komisyonè dwa imen an ap deside ka devan yon odyans piblik, e li ka atribye travay, lojman oswa lòt avantaj, peman devan dèyè, domaj konpansatwa pou angwas mantal, amann ak penalite sivil, e li ka egzije tou chanjman nan règleman ak fòmasyon jan sa apwopriye. Amann ak penalite sivil kapab jiska \$50,000 oswa jiska \$100,000 si yo jwenn ke diskriminasyon an “volontè, deregle oswa malveyan “ e, kontrèman dapre lwa federal, konpansasyon domaj pou moun sa yo pa plafonnen.

**Ou ka wè règleman yo [la](#).** Ou ka wè lwa sou dwa imen Eta ki egziste deja [la](#).

**Senatè Brad Hoylman te deklare:** “Dwa trans-seksyèl fè pati de yon mouvman biznis dwa sivil LGBT ki poko fini nan New York e mwen felisite Gouvènè Cuomo paske li te pran aksyon pwoteksyon fonsè ak etap kouraj sa pou adopte lwa sou lojman ak travay pou moun trans-seksyèl yo grasa règleman. Akòz aksyon Gouvènè a jodia, byento yo pap konsidere ankò tankou dezyèm klas sitwayen plizyè milye Nouyòkè senpleman paske yo idantifye tankou trans-seksyèl. Lwa Non-diskriminasyon sou Ekspresyon Seksyèl, ki patwone pa Senatè Squadron ak Manm Asanble Gottfried, te bloke pou

konsiderasyon pandan plizyè ane pa majorite repibliken yo nan sena Eta. Antanke sèl moun ki deklare -LGBT nan Sena, mwen rekonesan anpil a Gouvènè Cuomo paske li te pran etap istorik sa e map rete tann pou m travay avèk li, defansè yo ansanm avèk kòlèg Demokratik Sena mwen yo pou kodifye aksyon l nan yon pwochen sesyon lejislativ.”

**Senatè Daniel Squadron te deklare:** “Sa se yon gwo etap pou korije youn nan pi gwo enjistis eta. Nouyòkè Trans-seksyèl yo kounye a ap gen plis konfyans ke diskriminasyon nan kay, travay ak akomodasyon piblik pap tolere. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou gwo aksyon egzekitif sa; kòlèg mwen yo nan lejislativ la, Senatè Hoylman, ak Manm Asanble Gottfried ak Glick, avèk moun mwen pral kontinye pouse pou Lwa Non-Diskriminasyon sou Ekspresyon Seksyèl; e pi enpòtan ankò, defansè ak manm yo nan kominote a ki te lite san relach pou demann debaz ekitab.”

**Manm Asanble Deborah Glick te deklare:** “Nouyòkè Trans-seksyèl yo te fè fas a plizyè ane diskriminasyon, akòz lwa nou yo te gen reta dapre reyalite lavi moun yo. Men, mwen menm ansanm avèk lòt moun yo te diskite sou lwa anti-diskriminasyon yo ki te aktyèlman etann pwoteksyon yo pou Nouyòkè trans-seksyèl yo. Mwen kontan anpil paske Gouvènè Cuomo, yon fwa ankò, ap kanpe pou asire ke New York se yon lidè nan pwoteje dwa tout Nouyòkè LGBT yo.”

**Manm Asanble Harry Bronson te deklare:** “Sa se yon etap fòmidad pou Eta New York. Asèlman ak diskriminasyon kont moun trans-seksyèl yo pa akseptab, e Gouvènè Cuomo absoliman kòrèk dèske li pran gwo pozisyon sa. Sa se osijè pou asire ke egalite ak jistis reyèlman ‘pou tout moun’ – e nou espere ke lòt eta yo ansanm avèk gouvènman federal la ap pran aksyon egalman.”

**Manm Asanble Richard Gottfried te deklare:** “Aksyon egzekitif Gouvènè Cuomo pou entèprete lwa sou dwa imen New York pou kouvri diskriminasyon sou trans-seksyèl yo se yon gwo etap diyite pou tout moun. Travay, founisè lojman, plas akomodasyon piblik ak kreditè yo dwe kounye a konnen kijan pou aplike entèpretasyon diskriminasyon trans-seksyèl se yon fòm diskriminasyon seksyèl nan pratik ak politik. Men Sena Eta pa retire plòg la e li dwe pase pwojè lwa AJANDA kidonk pa gen okenn kesyon ke nou sipòte egalite pou tout Nouyòkè.”

**Nathan Schaefer, Direktè Egzekitif Empire State Pride Agenda (ESPA), te deklare:** “Aprè plizyè ane defans san relach, nou te genyen yon gwo viktwa pou dwa sivil trans-seksyèl yo avèk anons Gouvènè Cuomo aswè a.”

**Ko Prezidan Konsèy ESPA Norman C. Simon ak Melissa Sklarz te apresye tou anons Gouvènè a, remake** “Viktwa sa ap sèlman akselere ritm nou kòm Pride Agenda ap kontinye avanse nan direksyon pou l kenbe egalite ak jistis konplè pou Nouyòkè LGBT yo.”

Règleman yo ap sijè a yon avi 45 jou ansanm avèk peryòd kòmantè anvan aplikasyon konplè a.

Anons jodia devlope sou lansman sipò nan tan lontan Gouvènè Cuomo pou kominote trans-seksyèl la. Nan 2014, Gouvènè a te entwodui [nouvo règlemantasyon](#) pou ajoute sèvis swen sante pou trans-seksyèl yo anba pwogram Medicaid Eta New York, asire ke anwole yo te ka resevwa kouvèti tretman pou terapi òmon ak operasyon pou re-chanje sèks. Administrasyon Gouvènè a te pibliye tou yon [gid regilasyon](#) pou asirè komèsyal yo deklare ke yo pa ka refize yo tretman ki medikalman nesèsè pou disfori seksyèl.

Anplis, pandan ete sa a, Gouvènè Cuomo te anonse ke New York tap premye eta nan peyi a pou angaje nan [mete fen nan epidemi VIH/SIDA](#). Pwomès Gouvènè a ap akonpli lè li redwi kantite nouvo enfeksyon VIH a sèlman 750 (de yon estimasyon 3,000) nan fen ane 2020 ak reyalize premye diminisyon nan frekans VIH New York. Sa ta make premye fwa ke gen yon rediksyon nan jeneralizasyon SIDA akòz de yon diminisyon nan nouvo ka yo.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418